

Avèk asirans sante, y ap pare pou tout sa ane lekòl la pote.

Timoun ki gen asirans sante yo pi byen prepare pou byen fonksyone nan lekòl epi pou reyisi nan lavi. Medicaid ak CHIP ofri asirans sante gratis oswa nan yon pri ki ba pou timoun ak adolesan. Timoun yo ka resevwa egzamen regilye, vaksen, vizit kay doktè ak dantis, swen lopital, sèvis sante mantal, preskripsyon ak plis ankò. Enskripsyon yo louvri pandan tout ane a. Menm si ou te aplike anvan, ou ka elijib kounye a. Fanmi ki genyen kat moun ki ap touche jiska prèske \$ 80,000* kapab kalifye.

Ale nan **InsureKidsNow.gov** oswa rele nan **1-877-543-7669 (KIDS-NOW)** pou aprann plis sou asirans sante abòdab pou fanmi ou.



InsureKidsNow.gov

*NIVO REVNI YO VARYE SELON
ETA A.
PAID FOR BY THE U.S. DEPARTMENT
OF HEALTH AND HUMAN SERVICES

CMS Product No. 11668-H
May 2024